# QARATPA AǴZALARDIŃ STILLIK QOLLANILIW ÓZGESHELIKLERI

*E.Z.Tajekeeva,*
*Mırza Uluǵbek atındaǵı Ózbekstan Milliy Universiteti studenti*

***Annotaciya.*** *Bul maqalada házirgi kúnde til biliminde áhmiyetli bolǵan qaratpa aǵzalar hám olardıń izertleniwi, qollanılıw ózgeshelikleri, shayır shıǵarmalarında qollanılıw stili sóz etiledi.*
***Gilt sózler.*** *Qaratpa aǵza, kiris sóz, kiris aǵza, emocionallıq máni, obrazlılıq, jeke stil, kórkemlilik.*

Qaratpa aǵzalar orıs til bilimi hám tyurkologiyalıq ádebiyatlarda ádewir waqıttan berli sintaksislik kategoriya retinde qaralıp kelmekte. Bul sintaksislik kategorya F.I.Buslaevtıń[1] miynetinde «gáp aǵzaları menen grammatikalıq baylanısı joq sózler» toparına kirgizilip, gáp aǵzası dep esaplanbaydı.

Sońǵı waqıtları orıs til biliminde qaratpa sózler tuwralı tómendegishe hár qıylı pikirler bildirilgen. Máselen, A.G.Rudnev qaratpalardı ózine tán grammatikalıq mánisine, morfologiyalıq belgisine qaray ayrıqsha gáp aǵzası dep esaplaydı. Sonıń menen qatar qaratpalardıń gáptiń basqa aǵzaları menen mánilik baylanısın esapqa alıp, hárqıylı sezimlerdi baylanıstıratuǵının atap ótedi.

Túrkiy tilleriniń kópshilik grammatikalıq ádebiyatlarında qaratpa sózlerdi tradiciyalıq úyreniw boyınsha gáp aǵzaları menen grammatikalıq baylanısı joq sózler toparına kirgizip, gáp aǵzası bola almaydı dep qaraydı.

50-jıllardıń II yarımı hám 60-jıllardıń ishinde basılıp shıqqan bir qatar ilimiy miynetlerde kiris hám qaratpa sózlerdi gáp aǵzası dep qaraw yamasa gáp aǵzasına bir qansha jaqınlıq tárepلerin sóz etiwge usaǵan birqansha pikirler orın aldı. Máselen, A.N.Kononovtıń[2] miynetinde «kiris sózler», «gáptiń kiris aǵzaları» termini menen qollanıladı, al «qaratpalar» gáp aǵzası dep anıq kórsetilmegen menen, kiris aǵzalardan keyin, sol «gáp aǵzaları» quramında qaraladı.

Túrkiy tillerinde bul sintaksislik kategoriyalardı gáp aǵzası dep esaplaw 60-jıllardıń ishinde basılıp shıqqan ilimiy miynetlerde ayqın kórinedi.

Máselen, M.Z.Zakiev, A.R.Sayfullaevtıń miynetlerinde hám «Házirgi ózbek ádebiy tili» (II, sintaksis, 1966) kitabında qaratpa sózler belgili gáp aǵzası retinde qaraladı. M.Z.Zakiev[3] qaratpalardıń mánilik jaqtan gápler menen ortaq baylanısta keletuǵın, modallıq qatnas bildiriwshi gáptiń tolıq aǵzası bola aladı dep esaplaydı. Solay etip, bul miynette qaratpa sózler tiykarǵı mánisine hám sintaksislik baylanıs xarakterine qaray, óz aldına gáp aǵzası retinde modal aǵzalardıń quramında qaraladı. A.R.Sayfullaev qaratpa aǵza haqqındaǵı A.G.Rudnevtıń pikirin quwatlaydı. «Qaratpalar gáptiń bas hám ekinshi dárejeli aǵzaları menen muwapıqlasıw arqalı baylanısqa kiredi. Usı sıyaqlı ózgesheligin esapqa alıp, olardı gáp aǵzası dep qaraw múmkin. Qaratpalar ulıwma gáp aǵzaları menen grammatikalıq jaqtan baylanıspaǵan aǵza - «gáptiń úshinshi dárejeli aǵzaları» dep júritilse maqsetke muwapıq bolar edi» – degen pikirde boladı.

Qaraqalpaq tilinde qaratpa sózler mektep grammatikasında sóz etilgeni bolmasa, házirge deyin izertlew obyektine alınǵan joq. Tek ǵana M.Dáwletovtıń[4] miynetinde sóz etiledi.

[1] Ф.И.Буслаев. Историческая грамматика русского языка. М. 1973.
[2] Кононов А.Н. Грамматика современного турецкого литературного языка. Москва, Ленинград, 1956.
[3] Закиев М. Ҳәзирги татар әдебий тили синтаксиси ҳәм пунктуатциясы. Казан, 1984.
[4] Дәўлетов М, Ҳәзирги қарақалпақ тилинде қоспаланған жай гәплер. Нөкис, 1976.

Sóylewshiniń sózi qaratılǵan adam yamasa basqa bir predmet, tábiyat qubılısların bildiretuǵın sózlerge gáptiń qaratpa aǵzası delinedi.

Qaratpalar aytılajaq pikirge ya xabarlarǵa tıńlawshınıń dıqqatın awdarıw ushın, jay qaratıw maqsetinde qollanıladı. Olar, kóbinese ataw seplik formasındaǵı atlıq sózler arqalı bildiriledi. Qaratpalar gáptiń tiykarǵı aǵzaları menen sintaksislik baylanısqa túspeydi. Olar gáptiń uluwmalıq mazmunı yaki onıń bir aǵzasına mánilik jaqtan qatnaslı boladı. Gáptiń quramında intonatsiyalıq ózgeshlikke iye bolıp, gáptiń basqa aǵzalarınan bólinip aytıladı.

Qaratpalar kórkem shıǵarmalarda tábiyat qubılıslarına, geografiyalıq atamalarǵa, ǵalabalıq atamadaǵı predmetlerge qaratıladı. Jansız predmet mánisindegi qaratpalar arqalı sóylewshiniń sóziniń hár túrli modallıq-ekspressivlik sıpatqa iye mánileri ańlatıladı. Sóylewshi jansız predmetlerdi qaratpa mánisinde qollanıwı arqalı óziniń arzıw-ármanın, maqsetin, shadlıǵı yamasa qapalıǵın sol qaratpalar arqalı bildiredi. Shayır K.Raxmanov poeziyasında qaratpalar ónimli qubılıs esaplanadı hám biz onıń qosıqlarınan mısallar arqalı analizlewge háreket ettik. Jansız predmet hám tábiyat qubılıslarına qatnaslı qaratpalar tómendegi mánilik túrlerge bólinedi:

1)Watanǵa, tuwılǵan jerge qatnaslı aytılǵan qaratpalar:

Usı qutlı mákan dáwranlı elden,
*O, quyash úlkesi,* ákeldik sálem.
Bir bóbek besiksiz jılasa eger de,
Tek, men ayıplıman, jazala, *Watan*!

2) Belgili kúnlerdi, sánelerdi bildiriwshi qaratpalar:

Ássalam, *Oktyabr*! Xalıqlar baxtınıń
Ullı Gimalayı-náwpir saǵası!
Jasa, *Birinshi may*- báhár quyashı,
Nurlı tilekleslik simfoniyası!

3) Orındı, mákándi bildiriwshi qaratpalar:

Basında seksewil, mayalısh, sheńgel,
Jıńǵılıń taǵı bar, seniń *Qızıl qum*.
Oylaǵandı qoydım ishqı tuwralı,
Endi men, *Ámiwim,* saǵan ashıqpan.

Sonday-aq, qálegen shayır bolsın, meyli jazıwshı bolsın ana Watanın táriyplemey, maqtanısh etpey qoymaydı. Mine, usınday sezimlerdi qaratpalar járdeminde ámelge asıradı:

Tınıshlıq – ashıq aspanıń,
Mártebeń – biyik asqarıń.
Qanat qomlap párwazlay ber,
*Qaraqalpaqstanım,*
*Qaraqalpaqstanım!!!*

Mısalda shayır tuwılǵan jerge yaǵnıy jansız predmetke qarata ishki sezimlerin bildirgen. Tuwılǵan jerdiń ata-babalarımızdan qalǵan miyras ekenligin, onıń qásterli, qádirli mákán ekenligin, óziniń hár túrli modallıq-ekspressivlik tuyǵı sezimleri arqalı jetkerip bergen. Sonday-aq:

*Dúnya,* saǵan kelgenim joq ermekke,

Sorayman ańsat joldı ber dep te.

Ózim esigimnen kire almasam da,

Qosıqlarım turǵay mudam tór bette.

*Dúnya*, saǵan kelgenim joq qonaqqa,

Turǵanım joq qıdırıspa sorap ta.

Ózim kóp ellerge bara almasam da,

Qosıqlarım ketkey túrli elatqa. (K.Raxmanov)

Bul qatarlarda da shayır *dúnya* qaratpa sózi arqalı óziniń ishki keshirmelerin súwretlep berip, oqıwshınıń dıqqatın sol qaratpa aǵzaǵa qarata alǵan.

Qullası, shayır dóretiwshiliginde jansız predmetlerge, tábiyat qubılıslarına qatnaslı qaratplar jiyi qollanılǵan. Olardıń hár birinde onıń ishki keshirmeleri, watanǵa bolǵan muhabbatı, jansız nársege jan endirip súwretlewleri ayqın kórinip tur. Bul da shayırdıń jeke jetiskenligi, ózine tán stiliniń bar ekenliginde kórinedi.

## PAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Ф.И.Буслаев. Историческая грамматика русского языка. М. 1973.
2. Кононов А.Н. Грамматика современного турецкого литературного языка. Москва, Ленинград, 1956.
3. Закиев М. Ҳәзирги татар әдебий тили синтаксиси ҳәм пунктуатциясы. Казан, 1984.
4. Дәӯлетов М, Ҳәзирги қарақалпақ тилинде қоспаланған жай гәплер. Нөкис, 1976.